ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫП

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№115 (21.023) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghepsale.ru
adyghe@mail.ru

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Іуэхугъуэ тІощІым нэс

Республикэм и хабзэубыхуэ органым и Президиумым и зэІущІэм Іуэхугъуэ тІым щытепсэлъыхьащ: КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэхъуэхъэр зэхуэщІэсымкІэ абы зи гугъу щащІыныхэмрэ.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Унафэщі **Бечелов Ильяс** жиІахэм едаІуэри, Президиумым хэтэм унафэ къащтащ КЪБР-м и хабзэубыхуэ органым и зи чэзу зэІущІэр мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м зэхуэгъэсыну. Абы щытепсэлъыхьыну я мурадщ Іуэхугъуэ тІощІым нэсым. Абыхэм ящыщщ законопроектхэр етІуанэ къеджэгъуэу зыхэплъэнухэр - «КЪБР-м и ХэкакІуэ комиссэм и Іуэхукі», «КЪБР-м и щІыэпс щІыналъэхэу хэхаеу яхъумэхэм я Іуэхукі», «КЪБР-м и цІыху щхьэхуэхэм къарал социальнэ дэІепыкъунгъэ ятыным и Іуэхукі», «КЪБР-м и законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»; «Муниципальнэ ІэнатІэм теухуа КЪБР-м и законодательнэ актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ КЪБР-м и законодательнэ акт языныкъуэхэм къару ямыІэжу къалъытэнымрэ я Іуэхукі», «КЪБР-м кхъухькъащІэ къызэрымыкІуэхэм пащІэт-къезыгъэл и ІэнатІэхэм я Іуэхукі», япэ-етІуанэ къеджэгъуэу - «КЪБР-м и къарал къулыкъуэхэм я Реестрымрэ КЪБР-м и къарал граждан службэм и къарал къулыкъуэхэм я Реестрымрэ я Іуэхукі» КЪБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ, «КЪБР-м и хабзэубзыху актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі», «2006 гъэм КЪБР-м и бюджетым и Іуэхукі» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзэщІам теухуауэ», «2006 гъэм Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым и бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ», «Къэрал Іуэхущ Іапі эм - УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым КЪБР-м щыІэ и щІыналъэ къудамэм и бюджетыр 2006 гъэм зэрагъэзэщІам теухуауэ», «Іуэхущ Іапі эхэм я мылъкум тралъхьэ налогым и Іуэхукі» КЪБР-м и Законым и 5-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэным теухуауэ», «КЪБР-м и Къэзыпщэтэ-къэзыбгж палатэм и Іуэхукі» КЪБР-м и Законым и статьяхэм 38-1-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»; «КЪБР-м 2007 гъэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» КЪБР-м и Законыр 2007 гъэм и ящэ кварталым зэрагъэзэщІам теухуауэ».

Депутатхэр едаІуэнущ «Зыуэ щыт республикэ программэхэу зи пІалъэр 2006 гъэм ихуахэр зэрагъэзэщІам теухуауэ» КЪБР-м и Правительствэм зэхилъхьэжахэм, апхуэдэуи нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми хэплъэнущ.

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

Едэ Іуэныгъэхэм фыхэтыну фыхуеймэ

Мэкъуауэгъуэм и 26-м КъБР-м и Парламентым и Унэм едэІуэныгъэхэр щекІуэкІынущ.

АБЫ щыхэплъэнущ «2006 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым теухуауэ» КЪБР-м и законыр зэрагъэзэщІам теухуа» Іуэхугъуэм. Законопроектым екъэлІауэ Іуэхущ Іапі эхэм, къарал, муниципальнэ органхэм я еплъыкІэхэр, едэІуэныгъэхэм хэтыну хуейхэм я тхыльхэр къыщыІах КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкі э, налогхэмкі э, финансхэмкі э и комитетым. Абы и хэщІапІэр: 360000, КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхь уэрам, 55. Едэ Іуэныгъэхэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

Телефонхэр: (8662) 42-60-84, 40-42-19.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.



●Лъэпкъ Іуэху

ЗэІущІэм хэтахэр.

Нэхъыжьхэм я псалъэр пхыкІын папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр хэтащ Кавказым щыІэсу лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм я зэхуэсу иджыблагъэ Осетие Ипшэм и къалащхьэ Цхинвал щекІуэкІам. Абы щыжаІащ «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ кІыІэрыІэзэрагъэпэщыр.

НЭХЪЫЖЬХЭМ я совет тым и къалэнхэр хельагъуэ Кавказым мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыгъэмрэ щыгъэбэдзэным, псоми ди зэхуэдэ Кавказ унэмрэ ар къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэнымрэ теухуа гупсысэхэр цІыхубэм яхэпщэным.

Кавказым и лъэпкъхэр сыт щыгъуи мамырыгъэм зэрительхьэр, абыхэм пщІэ зэрыІэзэхуащІыр, зэрыІэзэхудачыхьыр, ныбжьэгъуГэр зэрагъэпэжыр зэхуэсым кърихьэлІахэм кІыхьагъэщІи, цІыхухэм зэрыІэзыхуагъаэз къащтащ. «Кавказым и нэхъыжьхэр ижьыжьхэр лъэндзэрэ щытащ япэитахэм я хабзэхэм, уэсятхэм я хъумакІуэу, - щыжеІэ тхыгъэм. - Дэ тщыгъупщэркъым нобэ къатштэ унафэхэмрэ ди Іуэхущ Іафэхэмрэ къэкІуэну щІэблэхэм я деж кІэ мыхьэнэщхуэ зэрэІэр икІи ди лъэпкъхэм я щІыхьщІ, ди адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжкэмкІэ тхэлъгушхуэ эныгъэр, пагагъэр тхъуМэжаеу дызыкуэдгъэ лъэхъэнэм дыхьыхьэнымкІи ди пщэ къыдэхуэ къаІэныр. Дэ зыхьдощІэ Кавказым и лъэпкъхэм зыуэ щыт я унагъуэшхуэм и зэкъуэтыныгъэр, ди лъэпкъхэм я тхыдэр зэрыІэпыщІар икІи иджырей щІэблэмрэ къэкІуэнымрэ папщІи тхьы жэуапІыныгъэр. Дэ дрительхэщ дзэ-политикэ зэгухьэныгъэхэр зэдэщыпмкІэ Кавказым, зауэхэмрэ Іэщэкі э зэпэщІэтыныгъэ хуэхэм Кавказым, лъэпкъхэм яку зэгурыІэныгъэ дэльныим, дин зэныкъуэкъу къыдэмыхьуэным».

Нэхъыжьхэм я зэхуэсым Урысей Федерацэм и Президент зэрызыхуигъазэ къыщтащ. Абы къыщыгъэльэгъуащ Осетие Ипшэмрэ Абхъазымрэ зэрыдаІыгъыр икІи ахэр щыналъэ щхьэху эжу, я хуитныныгъэкІэ зэхуэдэу щытиным зэрительхьэр, абыхэм нэгъуэщІ къэралхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэр хуиту яхуэхэмыкІэ Іэмал ятын зэрыхуейр.

Апхуэдэуи Кавказым и нэхъыжьхэм я советым и декларацри къащтащ.

КЪБР-м къыбгъэдэкІыу нэхъыжьхэм я советым хьихьащ КЪР-м и Президентым и чэнджэщэгъу Думэн Хьэсэн, славянэхэм я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий.

БЕППАЕВ Суфьян,
КъБР-м и Президентым и деж Гражданэ жылагъуэм зегъэузыкІыныкІэ институтымрэ цІыхухэм я хуитныныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь.

●Дыгъуасэ

Адыгэбзэм теухуауэ иджыри зэ

Зи анэдэлъхубзэр хуиту зыІуры-мылъыкІ лъэпкъым и кІарур хуэмурэ щІокІуэсыкІ, ар нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхэщыпсыхьыж. Апхуэдэ щыналъэм и къэщІапсыхьыж. Апхуэдэ щыналъэм и ди адыгэбзэм иджыри къытемыхьами, абы и нобэрей щытыкІэм егъэпІейтей щІэныгъэлІхэр, ІэщіагъэлІхэр, егъэджакІуэхэр. Арат зытеухуар «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым дыгъуасэ щекІуэкІа зэІущІэр.

СТІОЛ ХЪУРЕЙ щытыкІэ зиІа зэ хуэсыр иригъэкІуэкІащ газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыцэ Мухьэмэд.** Ар къыдэгъэпщынымк и гъащІэ хилъхьащ хэкуПсэ нэс, сабий усакІуэ щІэрыІуэ **Щоджэн Леонид** Апхуэдэу зэІущІэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ КЪБР-м щІэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Джэрыджэ Арсен,** КЪР-м и Парламентым и депутат **Дадэ Сафэдин,** «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Ацкъан Руслан** Егъэджакі уэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ я институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кІуэдэм я унафэщІ **Къуэныкъуэй Артур** , щІэныгъэ лэжьакІуэхэу **Дол Хьусен, Мамхэтэ Рае, Мажэ Марие, Ацкъан Ритэ,** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щІэныгъэлІ **Тазий Руслан,** республикэм и школхэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ пажэхэм ящыщ зыбжанэ.

Псалъэмакъ купщІафІэ щыІуащ зэхуэсым. Абы и утыку кьралъхьа Іуэхугъуэхэм ящыщу дэтхэнэри лъэпкым и къэкІуэнум, къытщІэхьуэ щІэблэм я деж кІэ мыхьэнэщхуэ зиІэхэщ.

«Стіол хьурей» зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетыщущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Футболым гулъытэ хуащІ

АДЫГЕЙ. *Урысей футбол зэхуэхьэныгъэм (РФС) и унафэщІ Мутко Виталий иджыблагъэ щыІэ Іэмалхэм. Апхуэдэуи Мутко Виталий хьэщІэхэр кІыгъэгугъащ республикэ стадионыр иджырей зэманым къитІасэу къэгъэщІэрэщІэжьнымкІэ, спорт Іэмэпсымэхэмкі э кьыззэгъэпэщынымкІэ, тренерхэр гъэхьэзыфынымкІэ къадэІэпыкъуну. ЗэІущІэм къызэрыщыхэщамкІэ, сабий футболми гулъытэ иГъэтынущ. Псалъэм папщІэ, ныбжьыщІэхэр футболым щыхуагъасэ щІыналъэ спорт центр яухуэну зэгурыІуащ.*

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Транспорт льготэм теухуауэ

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым Финансхэмрэ мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ жэрдэм республикэ парламентым къыщыхилъхьащ бюджет Іуэхущ Іапі эхэм я транспорт льготэгъэ яГэмэщІэну. Ар хуэунэтІащ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным.

Иджы КЪР-м и депутатхэм «Транспортым и Іуэхукі э» республикэ законым ирагъэгъуэта зэхъуэкІыныгъэм ипкъ иткІэ транспорт льготэхэр зиІэнур щІыналъэм и мылъкуІэ зэтриІыгъэ Іуэхущ Іапі эхэщ. Мыдрейуэ, бюджетиткІэ «псэуу» щыта Іуэхущ Іапі эхэм къыІахьжа сом мелуанитым нэблагъэ республикэ бюджетым яГэкІуэжынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Іуэхыбар гуапэ



Полицэм и генерал-майор Кумыщ Мухьэрбий

КУМЫЩ Мухьэрбий Къэбэрдей-Балъкъэрым и ФСБ-м и Управленэм илъэс тІощІым щІигъуэкІэ щылэжьащ. 2003 гъэм и пэщІэдзэм ар яГъэувауэ щытащ Урысейм и Астрахань УФСБ-м и унафэщІым и къуэдзэу, 2004 гъэм и щыщхьэІум - а Іуэхущ Іапі э дыдэм и унафэщІым и ящэ къуэдзэ къулыкъуф къыхуагъэфащащ икІи Урысей Федерацэм и Президентым и ЛыкІуэу Астрахань областым и судыщІэхэм я квалификационнэ коллегием яГэкІуащ. 2006 гъэм и щыщІым щыщІидзауэ - УФ-м наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъ и Федеральнэ ІэнатІэм къызэгъэпэщыныгъэ-щІыналъэ лэжьыгъэмкІэ Иншэ Федеральнэ округым щиІэ департаментым и управленэм и унафэщІым и къуэдзэщ.

УФ-м и Президентым 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м къыдигъэкІа Указ №716-м ипкъ иткІэ, Кумыщ Мухьэрбий къыфІаІащащ полиционэм и генерал-майор цІэр.

* * *

Ди хэкуэгъу къулыкъущІэм къарал гулъытэ зэгурыІуэгъэм икъукІэ дыщыгуфІыкІащ. Кумыщ Мухьэрбий ди гуапэу дохьуэхъу дяпэкІи и лэжьыгъэм екъулІэныгъэ къыщыхьэхьуну, лъагапІэщІэхэм нэсыну!

Бжыгъэр яГэмащІэмэ

«Автоваз» зэдаущхьэм и мурадщ и дзжьакІуэхэм я бжыгъэр процент 5-кІэ ирагъэмэщІэну.

Дзыхьуэкі уэ жэпуэгъуэ мазэм и 1-м ирихьэлІэу я ІэнатІэм Іуагъэкі ынущ цІыху мини 5-м щІигъу. Предприятэм и унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, абы мазэ къэс сом мелуан 75-рэ къыдигъэхуэнущ.

Мурадым пащэ

«Урысейм Азербайджаным бджэнду щиІыгъ РЛС-р зэгъуэгу къагъэсэбэныщым теухуауэ Президент Путин Владимир къыхуилъхьар джыбж эн», - жиІащ Раис Кондолиззэ.

Абы къыдэкІуэу США-м и Къэрал Секретарым кьыгъэлъэгъуащ ПРО-м и Іэмэпсымэхэр Чехиемрэ Польшэмрэ щыгъэувыным теухуа мурадыр пхыгъэкІыным Бушэ и администрацэм зэрыпищэр.

ЦІыхухэр хокІуадэ

Зыгъэпсэхугъэ, гуфІэгъуэ махуэ блэкІаэм Саратов областым мафІэсхэм цІыхугъэ щыхэкІуэдащ, апхуэдизым фэбжь хахащ.

КъызэрэтамкІэ, зы махуэ закъуэм кьриубыдзу а щІыналъэм мафІэсу 29-рэ къыщыхьуащ.

♦ Басаев Шамил зи пашэ терроризм гупыр (1995 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14 - 20) Буденновск къалэм щытеуам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ.

♦Севастополь къалэм и лъабжьэ щагъэтІылъа махуэщ (1783). Мэкъуауэгъуэ мазэм и ещанэ тхьэмахуэм яГэлъапІэ.

♦Илъэс 45-рэ и пэкІэ (1962) зэгурыІуэныгъэ СССР-мрэ Сенегал Республикэмрэ я дипломат зэпыщІэныгъэхэр.

♦1991 гъэм и щыгъэгъазэ мазэм Урысей Федерацэр къалъытащ Совет Союзым и хуитныныгъэхэр кьызыхуэнэ къэралу.

♦ Илъэс 80 и пэкІэ (1927) Тулэ кьыщызэІуахащ радио Іэмэпсымэхэр кьыщыщІагъэкІ механикэ лъэщапІэ (1929 гъэм «Радиодеталь» фабрикэ хьащІ). Нобэ «Октавэ» ОАО-р дуней псом щыпхэхьафІ электроакустикэ Іэмэпсымэ щагъэхьэзыр предприятэщ.

♦Илъэс 120-рэ и пэкІэ (1887) естествознаниемкІэ дихьхьэхэм я Урал жылагъуэм (УОЛЕ) и жэрдэмкІэ Екатеринбургэ къалэм къыщызэрагъэпэщащ щытащ япэ Урал-Сибыр щІэныгъэ-промышленнэ гъэльэгъуэныгъэр.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 17-хэм Париж (Франджы) щекІуэкІынущ урыс тхылым и Ещанэ дунейпсо фестивалыр зыхьыхьну урыс прессэм и IX дунейпсо конгрессыр.

♦ Мэзкуу, Дунейпсо сату центрым, щыгъэхэтынущ хъэрычэтыщІэ Іуэхум и ІэнатІэм щыпэрыхьэ «Дыщэ Меркурий» зыІэпкъ сауТъэхэр щетынымрэ теуХуа гуфІэгъуэ зэІущІэ.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 17-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Петербург камерон» зыІэпащэ Ещанэ дунейпсо музыкэ фестивальр.

♦ Илъэсэ 100 и пэкІэ кьалэм хуащІ совет хореограф, Урал къэрал академие урыс цІыхубэ хорым и япэ балетмейстер икІи художественнэ унафэщІ (1944 - 1963), РСФСР-м и ГъэхуэдзжьмкІэ щыхъэ зиІэ и дзжьакІуэ Князевэ О.Н.

♦ Илъэс 80 и пэкІэ дунейм ехьжащ инджылыз тхакІуэ Джером К. Джером.

♦1936 гъэм кьызэрагъэпэщащ КъБАССР-м гъуэзджэкІэ и Іуэхущ Іапі э (Управленэ).

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 23-м, кьухьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 52-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикьэ 29-рэ.**

ПЛанэмрэ зыкъэхьэзыр
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликъ.

Лъэпкъ мыкъэ:

Зи Іуэ ит нэхърэ зи щхьэ ит.

Зэпеуэм хэта ди ныбжьыщІэхэмрэ унафэщІхэмрэ.

Егъэджакіуэ икіи ныбжьэгъу

Иджыблагъэ «Ютгелекомым» Иншэ щыналъэм щиІэ и къуэмэ хэм я видео-пресс-конференц зэхэтащ. Абы къыщапщытэжащ мэзыжьыхьым и 1-м къыщыдзауэ ЮТК-м иригъэкІуэкІа «Интернетыр си ныбжьэгъуэщ икіи си егъэджакІуэщ» зэпеуэм щытекІуахэр. «Къэббалъкъэтелекомым» кьыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэтащ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къалэнэгъэ зыгъэзащІэ Шіаваев Аслан, абы и дзЭпщІэкІэ Мэкъуэ Кьасюкъуэ Владимиррэ Ёмбот Анзоррэ. Зэ хьэзэжуэм кьрикІуэхэр щыІэзэхалъхьэж зэхуэсым кьрагъэблэгъащ абы нэхъ жыджэру хэта школакІуэхэр.

ЗЭПЕУЭМ хэтыну Іэмал яІащ ЮФО-м и республикэхэм я школакІуэхэм. Мазитым и кІуэцІкІэ еджакІуэхэм я Іэдакъэщэкі эр Интернетым кьыщагъэльэгъуащ, нужькІэ абы жюрир хэплъэжри, нэхъыфІхэр кьыхихащ. Зэпеуэр унэтІыныгъэтІелкІэ екІуэкІащ - «Компьютер графикэ», Сурэт». Апхуэдэ «Сурэт» номинацэм хэтыну лэжьыгъэ нэхъыбэ дыдэ икІащ ЮБР-м - псори зэгъэсэу 108-рэ.

Видео-пресс-конференцыр кьызэІуихащ ЮТК-м и генеральнэ директор Андреев Александр икІи зэхьэзэхуэм щыт екІуэкІам я цІэхэр кьриІуащ. Абы ипкъ иткІэ «Сурэт» унэтІыныгъэм япэ увыпІэр кьыщыхуагъэфащащ Налшык и 2-нэ лицейм и еджакІуэ, илъэс 16 зи ныбжь Назаров Антон. Абы кьыкІэлъыкІуащ Краснодар краим щыщ Теляшев Олег-рэ волгограддэс Хохлов Романрэ.

«Компьютер графикэм» нэхъыфІу кьыщалъытащ Краснодар къикІа Бабенко Артем и лэжьыгъэр. ЕтІуанэ хъущ Астрахань областым и еджакІуэ Кудряшовэ Лидие, Волгоград щыщ Галкинэ Марие - ещанэщ.

Псори зэхэту зэхьэзэхуэхэм хэтащ школакІуэхэм я зэІущІэ ирихьэлІэу 1077-рэ. Зэпеуэр хуэунэтІауэ щытащ «ЩІэныгъэ - пэщІэ проектым Иншэ Федеральнэ щІыналъэм зыщегъэжьыным, еджакІуэ хэм я зэхэщІыкІым зегъэубгъуным, ныбжьыщІэхэр компьютерымрэ Интернетымрэ дегъэхьэхьыным.

- Зэхьэзэхуэм кьагъэ хьа лэжьыгъэ хэр икъукІэ хьэлэмэту икІи купщІафІэу щытащ. Ди гуапэщ зэпеуэм сабий кІуэ зэрыхэтар, ныбжьыщІэхэм я зэмыліэжьыгъуэхэр яГэхьэзырыным зэрыхуэдгъэзыщІыфар, - жиІащ ЮТК-м и генеральнэ директор Андреев Александр.

ЮТК-м иригъэкІуэкІам кьыдэкІуэу, республикэмэ зэпеуэ щекІуэкІащ. Абы пашэ щыхьэхуэм Іуэхущ Іапі эм и цІэр зыгъэт щыгъынкІэ, дипломэр, саугъэт гъапІэхэр яратащ.

Тхыгъэр сурэтри
ЖЫЛАСЭ Замир *ейщ.*

Къалэм и Іэтащхьэм щэбэтым фепсальэ

●Гу зылъытапхъэ

НАЛШЫКДЭСХЭР дяпэкІэ къалэм и Іэтащхьэм щэбэт махуэм телефонкІэ епсэльэфынущ. Республикэм и къалащхьэм и унафэщІхэмрэ нэхъ псынщІэу зэрыщІэн, апхуэдэ Іуэху зэдэщІэкІэр зэпымычу щыІэн зэрыхуэйм тещІыхьауэ кьрахьэжьа жэрдэмщ мыр. Абы и ФІыщІэкІэ цІыхухэр зыщІэупщІэхэм зэуэ жэуап яГэутынущ, ГъэзэкІуэжьпхъэу кьалъытэ ныкъусаныгъэхэр кьалэ Іэтащхьэм и деж нагъэсыфынущ. Республикэм и кьалащхьэм и администрацэмрэ ар кьыхуэупсынуц кьалэ хозяйствэм пыщІа ІэнатІэхэм я лэжьэкІэр ерэльфІэкІуэнымкІэ.

ТелефонкІэ къэпсалъэхэм жэуап яритынуц, абы кьыхэкІа Іуэхухэм хэлъу едэІуэнущ Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнэхэр зыгъэзащІэ Хьэмгъуокъу Леонид Башир и кьуэр.

ЗыщымыгъэгъупщІ! Мэкъуауэгъуэм и 25-м сыхьэт 15-м щыщІэдзауэ сыхьэт 16-м нэсыкъу кьалэ Іэтащхьэм занщІэу фызэрепсальэ хьуну телефоныр лэжьэнущ.

Абы къыдэкІуэу фи упщІэхэр 42-23-14 телефонымкІэ нэхъ пасэу фыпсальэу евгъэтхъунущ.

Кьалэдэсхэмрэ кьалэм и Іэтащхьэмрэ я апхуэдэ зэпыщІэныгъэр дяпэкІэ мазэ къэс кьыззэрагъэпэщну я мурадщ.

Псальэмакъым кьыхьихьэну кьрагъэблагъэ щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм щылажьэ журналистхэм. Аккредитацыем теухуауэ аХэр псальэ хьунущ 42-23-14 телефонымкІэ.

Налшык къалэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м *№258-рп*

ЦIыхухэр афияным емыгъэтхьэкъунымрэ ар хабзэм кьемызэгъыу эбгъэзыгъэкIэхэм япщIэтынымкIэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн, узынщагъэр хьумэным хуэунэтIа ущиныгъэр щIэгъэхуэбжьэн мурадкIэ:

1. Афиныр зэзыхьэлIэхэм, ар эбгъэзыгъэкIхэм япщIэтынымкIэ дунейпсо махуэм ехьэлIауэ 2007 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м щыщIэдзауэ мэкъуаугъуэм и 26-м нэсыху «Къэбэрдей-Балъкъарым афиян щыщымкIэ 2007 гъэ» жьыхуиIэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным теухуауэ Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ кIуэлыкъуэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр.

2. А лэжьыгъэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымрэ зи пщIэ илъ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр кьащтэ мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м кыдигъэкIа Унафэ №258-рп-мкI къыщитащ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым афиян щыщымыIэ 2007 гъэ» жьыхуиIэ лэжьыгъэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Дышэкl М.Р.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэр *(къызэхэпэщакIуэ комитетым и унафэщIр)*

Кульбаев Р.М. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ кьуэлыкъуэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(къызэхэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзщ - эзгурыIуаущ)*

Бицу В.Г.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэуныщагъэр хьумэнымкIэ и министр

Жамборэ Н.Б. - къэралыгъуэ Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и яп хьэщIэр *(эзгурыIуаущ)*

Жэрыкъуэ Б.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэм щыIэ академием и ректорыр *(эзгурыIуаущ)*

Къарэмырзэ Б.С. - Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэм и университетым и ректорыр *(эзгурыIуаущ)*

Къарэзи М.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэралыгъуэм и унафэщIыр

Карчаевэ А.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и къэзыгъэуэ

Кlуэкlуэ М.В. - Тезырхэр егъэшIынымкIэ федеральнэ кьуэлыкъуэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и кьуэдзэр *(эзгурыIуаущ)*

Хьэмрэкъокъу Л.Б. - Налшык кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэпщIэр *(эзгурыIуаущ)*

ЦIыкIу Тамерлан С.Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм щIэныгъэмкIэ и министрыр.

**Ди газетым зэрытетащи, дунейм кьытехьащ «Адыгэбзэм кьыхьыхьа хьэрпыл псалъэхэр» зи фIэщыгъэ, нэхьапэхэм зэи димыIа псалъалъэ, псалъэгъэнахуэ хьарзынэ. Абы и шыфэлыифэхэм, хэкIыпIэ хуэхьуа лэжьыгъэхэм, лъэпкъ эмылIеужьыгъуэхэм я бзэхэр, щэнхабзэм кьыхихауэ иджырей адыгэбзэм (кьэбэрдей-шэрджэс кьудамэм) жьыджэру кынгьэсебэп псалъэхэр, ислъам диныи, Iэщlагъэ е Iуэхуэгъэ щыхьэхуэхэм ехьэлIа, мусльымэн дунейм щыщIэрыIуэ еджапIэгъэсапIэхэм, щыпIэхэм, щэныгъэ унэтIныныгъэхэм я фIэщыгъэIуэхэр, нэгъуэщIхэр. Iхьылъыр мыIуэми, псалъэхэр мин зыбжанэ мыхьэуми, абы текIуэдащ зэман куэдрэ кьаруушхэрэ. Апхуэдэу щыIми, дэ ар кьызэрыгъэльытэр нэгъуэщIыбзэхэм кьахэкIауэ адыгэбзэм кьыхьыхьа псалъэхэм я псалъалъэу куэд щIауэ диIэн хуейм и щIэздзапIэуцI.

«Шы пщIэгъуалэ утесмэ, и цIым щыщи кьыпкIэропщIэ», жаIэ игъащIэми адыгэхэм. Ижь-ижьыж лъандэрэ кьызэрэгъуэгурыкIуэ гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэ-зэхэтыкIэхэм, лэжьыгъэ зэхуэщытыкIэхэм, зэрыщыгъу я щэнхабзэм щыщ куэд адыгэхэм кьэтIагащ, абыхэм епха псалъэ куэди ди бзэм кьидгъэзэгъащ. Нобэ, уеблэмэ, кьызыфIэгъэщIыгъуейщ зэгуэр зэ **бажьэ, бэлыхь, дэрэжэгъуэ, лэкъум, мыхьэнэ, накьыIэ, сэбэп, сыхьэт, хьэлэмэт, хьэуа, хьыбар, фирхьэун** псалъэхэр адыгэбзэм хэмытауэ. Абдежи, нэгъуэщIхэми адыгэ псалъэ гъэпсыкIэм и хабзэхэр кьаштауэ, макъхэм я фащэр зыщатIэгъауэ ди бзэм щолажьэ, щхьэж и кьалэн игъэзащIэрэ псалъэ махуэ хьуах зу.

Мыпхуэдэ псалъалъэм лъэпкъ бзэщIэныгъэм и закьуэкьым хуэныкьуэр. Абы Iэмал имыIэу хуейщ тхыдэгъэ щэн, этнографэрэ, социологхэр, лъэпкъхэмрэ цивилизацэхэмрэ зэрыгъэлъэIэсу щытар ягъэнэхуэкъым папщIэ.

Адыгэбзэм хэт хамэ псалъэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэхэр зыпыщIа Iуэхуэгъуэхэмрэ кьэпхутэжьыну ущыхуежьэкIэ, зэманым и Iупхъэр зэгуэкIри, лъжьхэр зэхуэмыдэхэм - пасэрей алыджхэм, кьэжэрхэм, кьэрыппхэм, тыркуэхэм, урысхэм, нэгъуэщIхэм и щэнхабзэ лъэныкъуэкIэ щытепщэм - ухашэ. Ауэ иужьрей лъэпкъищым хуэдэу адыгэм и бзэми, и хабзэми, и динми, и дуней лъагъуклэми зезыгъэхьужа нэгъуэщI лъэпкъ абы и тхыдэ гъуэгуанэм пэщIэщIэгъу кьыщыхуэжь уакъым. А щым щыщу нэхь кьэхутэжа, джыжа хьуауэ щыIэри адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэрщ.

Лъэпкъ бзэщIэныгъэм нобэ иIэщ урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэрыщэхьыжьэм, зым адрейр зэрыгурыIуэгъэлъэуэм теухуа щIэныгъэ дэжьыIгъэ куп щIафIэхэр, иджырей зэманым сэбэпшинагъыу кьиншэр зыхуэдизыр гъэбелджылым хуейуэ кьэувми. Щыщу урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъэхэм я мыхьэнэр кьыз эIуых, фразеологизмэхэм, псалъэзэхэжьыхьа-хэм, нэгъуэщIхэми я псалъалъэхэр.

Апхуэдэу кьыжьыIэн хуейщ кьуэкьыпIэ, кьухьэпIэ лъэпкъхэм я бзэхэр, я щэнхабзэхэр зэрыщэпхъэщ щыкIэхэр джыным бзэщIэныгъэр куэд щIауэ з эрелъежьри. Ди щэныгъэлIхэми я Iэнатlэм екъуIэныгъэ пыухыкIахэр щIэщ. Мы тхылъым дыщелэжьым, дэ кьэдгъэсэбэпащ, псалъэм папщIэ, еджагъэшхуэу Шагьыр I.Кl. («Очерки по сравнительной лексикологии адыгских языков», 1962; «Этимологический словарь адыгских языков», 1977; «Заимствованная лексика в абхазо-адыгских языках», 1989), Апажэ М. Л. («Русские слова в кабардинском языке», 1997; «Словарь русских заимствований в кабардино-черкесском языке», 1961; «Вопросы влияния русского языка на кабардинский язык», 1963; «Современный кабардино-черкесский язык. Лексикология. Лексикография», 2000), Саки М.М. («Тюркская и арабская лексика в кабардино-черкесском языке» 1957) сымэ я лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Апхуэдэу дыдэжьыгъуэзэ лэжьыгъэу диIащ щIэныгъэлIэу Яковлев Н.Ф., Балькъэр Б.Хь., Урыс Хь.М., Кlуэкlуэ Ж.Н., Кьумахуэ Б.J., Тау Хь.Т., Щэрдан I.Хь., Джаурджий Хь.З., Бищо Б.Ч., нэгъуэщIхэми лъэпкъ бзэщIэныгъэм ехьэлIа я кьэхутэнкIыгъэхэр.

Абы кьыдэкIуэу ящ кьэхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэм я нэхьыбэр совет лъэхъэнэм кьыдэкIауэ зэрыщытар. Сыт хуэдэ ди лэужьыгъуэри зымыгъэдурыс кьэрал идеологием и эзранкIэ фIэщыгъэныгъэм епха псалъэ, термин куэд бзэм хэкIуэдыкIыжьыгъащ, ахэр зэхъэлIа хабзэхэр ди цIыкIуэм зэрамыГъэ ззэщIэжьым кьыхэжьыкIы. Абыхэм зи ди бзэм щыкIуэ псалъэ ислъам щIэныгъэм, щэнхабзэм и гъуэгукIэ нэхь пасэу кьыхьыхьауэ щыта Iэл-Гибрэ (алегбрэ), касыдэ, бейт, рубаи, нэгъуэщI псалъэхэу лъэпкъ щIэныгъэм, бзэм лъэ быдэкIэ хэувэну хунэмысасэри. Мыпхуэдэ хамэбзэ псалъэхэм узыщIрихьэлIэр лъэпкъ узэщIакIуэхэм я тхыгъэхэрщ, псалъэм папщIэ, Дым Iэдэм, Цагъуэ Нурий, Куп Исмел, Нэгъуащ Сухьэд, Кубэ Шэбан сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэнатlэщ. Щыщ урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъэхэм я мыхьэнэр кьыз эIуых, фразеологизмэхэм, псалъэзэхэжьыхьа-хэм, нэгъуэщIхэми я псалъалъэхэр.

Апхуэдэу кьыжьыIэн

Куэд щIауэ диIэн хуейм и щIэздзапIэ

● ЩIэныгъэ

хуейщ кьуэкьыпIэ, кьухьэпIэ лъэпкъхэм я бзэхэр, я щэнхабзэхэр зэрыщэпхъэщ кьэд щIауэ з эрелъежьри. Ди щэныгъэлIхэми я Iэнатlэм екъуIэныгъэ пыухыкIахэр щIэщ. Мы тхылъым дыщелэжьым, дэ кьэдгъэсэбэпащ, псалъэм папщIэ, еджагъэшхуэу Шагьыр I.Кl. («Очерки по сравнительной лексикологии адыгских языков», 1962; «Этимологический словарь адыгских языков», 1977; «Заимствованная лексика в абхазо-адыгских языках», 1989), Апажэ М. Л. («Русские слова в кабардинском языке», 1997; «Словарь русских заимствований в кабардино-черкесском языке», 1961; «Вопросы влияния русского языка на кабардинский язык», 1963; «Современный кабардино-черкесский язык. Лексикология. Лексикография», 2000), Саки М.М. («Тюркская и арабская лексика в кабардино-черкесском языке» 1957) сымэ я лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Апхуэдэу дыдэжьыгъуэзэ лэжьыгъэу диIащ щIэныгъэлIэу Яковлев Н.Ф., Балькъэр Б.Хь., Урыс Хь.М., Кlуэкlуэ Ж.Н., Кьумахуэ Б.J., Тау Хь.Т., Щэрдан I.Хь., Джаурджий Хь.З., Бищо Б.Ч., нэгъуэщIхэми лъэпкъ бзэщIэныгъэм ехьэлIа я кьэхутэнкIыгъэхэр.

Абы кьыдэкIуэу ящ кьэхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэм я нэхьыбэр совет лъэхъэнэм кьыдэкIауэ зэрыщытар. Сыт хуэдэ ди лэужьыгъуэри зымыгъэдурыс кьэрал идеологием и эзранкIэ фIэщыгъэныгъэм епха псалъэ, термин куэд бзэм хэкIуэдыкIыжьыгъащ, ахэр зэхъэлIа хабзэхэр ди цIыкIуэм зэрамыГъэ ззэщIэжьым кьыхэжьыкIы. Абыхэм зи ди бзэм щыкIуэ псалъэ ислъам щIэныгъэм, щэнхабзэм и гъуэгукIэ нэхь пасэу кьыхьыхьауэ щыта Iэл-Гибрэ (алегбрэ), касыдэ, бейт, рубаи, нэгъуэщI псалъэхэу лъэпкъ щIэныгъэм, бзэм лъэ быдэкIэ хэувэну хунэмысасэри. Мыпхуэдэ хамэбзэ псалъэхэм узыщIрихьэлIэр лъэпкъ узэщIакIуэхэм я тхыгъэхэрщ, псалъэм папщIэ, Дым Iэдэм, Цагъуэ Нурий, Куп Исмел, Нэгъуащ Сухьэд, Кубэ Шэбан сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэнатlэщ. Щыщ урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъэхэм я мыхьэнэр кьыз эIуых, фразеологизмэхэм, псалъэзэхэжьыхьа-хэм, нэгъуэщIхэми я псалъалъэхэр.

Апхуэдэу кьыжьыIэн

Экономикэ Кавказ Ишхъэрэ
Политикэ Жылагъуэ Іуэху
МАХУЭКУ

● Упщіэхэмрэ жэуапхэмрэ

Властыр зыІэщІэлъхэм рабочэхэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ щІахэмытыр сыт?

Щіэныгъэлізхэм зэрыжаІамкІэ, иужьрей илъэсипщым кьриубыдзу ди къралым ис щыхухэр (ику итУ кьалпітфэ) сантиметрэ ныкъуэрэ хуэдизкІэ нэхъ лъахъыз хъуащ. Сыт ди щыхухэр «жьгъеи» щІыхьыр?

Левашов И., *Тверь.*

УпщІэм жэуап кьрет УФ-м Уэзынщагъэр хуэмэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и педиатор нэхъыщхьэ, академик Баранов Александр:

- Ди къэралым ис щыхухэр дунейм щынэхь «жьгъейхэм» (псалъэм папщІэ, китайхэм) ящыщыкьм. Ауэ пцІы зыхэмылъщ ди щІалэгъуалэр эзэпщІыкІыу «зэрельэхьшэхыр». Сыт абы и щыхэсыгъэр? Сабийхэм ди щыпІэм дахэ-дахэу зэрызыщамыужырыр. Лъахъшэ зэрыхъум удэкІуэтэнт, нэхъ кьаруниш мэхъу. ЩІалэ щыкІуэхэм нэхъапэхэм, ику итУ кьапщтэмэ, килограмм 13-15 хуэдизэ я ІэпхъыамбэхэмкІэ «якъуэцыфу» («Силпом»-р жьыхуэІэмкІэ) щытамэ, мы зэманым кьагъэльэгъуэхэр килограммиз-бгъуш. Хъыджэбз щыкІуэхэм я зэфІэкІри зыикъомкІэ ехуэхащ. А ролым кьызыкІэхэл мыгъуагъэ нэхъыщхьэ сабийхэр тэмэму икІи кьуэат зыщІэлъ ерыскъыхэмкІэ зэрымыщэхэрщ, ерджапІэхэм къудрэ щыщыщхьи хуэй зэрыхъурщ. ЕрыскъыкІэ зыхуэей зыгъуэт унагъуэхэм, щапхъэхэр щыхьэт зэрыстехьэущи, я бынхэр нэхъ лъагэ я, пІащэ, кьарууфІэ мэхъу.

Коммерцэ фирмэхэм кьаштэжырщхьи зи ныбжьыр илъэс 45-м щигъуа лэжьакІуэхэр, «жьы ухьуащ» - жаІэри. Ар хабзэшыгъажь? Сыт апхуэдизу щыщытыр?

«Опора РоссиИ» Урысейпсо хьэрычэтыщІэ жьыларгъуэ зэгуэхьынымрэ и президент Борисов Сергей кьытхуиІуэтащ мыхэр:

- Дауи, мыхьумыщІагъэщ унафэщІ куэдым цІыхум и эзфІэкІым (и ныбжьыр илъэс пІлыщІым щигъуэ нэужь) кІэрыхуэу кьыззэрыгъэр. Ар щыгъагъэщхуэщ. Илъэс 45-р дэжьакІуэм и кьару илъыгъуэщ, Іэхум мэхьыфІу щигъуаэз щыхуэхьу. Апхуэдэ цІыхум, зэрыхабзэщи, и сабийхэри кьэжэпхъащ, жьыгъуэми пэІэщІэщи, куэдкІэ нэхъ сэбэп хьунущ, нэхъыщхьэхэм епльыгтмэ. Пэжщ, сомэ пльхъэнэм щІэныгъэ е Іэщіагъэ зэзыгъэгъуэтыгъахэр нобэрей зэманым зыгуэрэмкІэ езэгъыркъым. ЩІэн хэмылъу, абыхэм я щІэныгъэм хагъэхъуу апхъэщ, ди лъхъэжэм кьигъэуфІэхэщІэкІэ зыхуэдэр кьаІыльтэрэ.

Депутат Плигин жиІэу зэхэсхащ мыпхуэдэу: Урысейм що лажьэ щыху мотуан 74-рэ хуэдизэ. Хабзэхъуэмэхэм я бжьыгъэр мелуанибгъуэрэ ныкъуэрэ нэхъыІ. Сыт абы кьикІыр? Дызэщыпсэуф полицей къэралгъуэу плыгтэ хьуну?

Кошкин А., *Мурманск.*

- Хьэуэ -жеІэ Къэрал Думэм Конституцэ закономерностьэмкІэ и Комитетым и унафэщІ Плигин Владимир. - Сэ зи гугъу сщІар нэгъуэщІ - хабзэхьумэхэр я бжьыгъэкІэ куэд хьуми, дахэ-дахэу зэрымылажьэрщ. Псалъэм папщІэ, ди деж хабзэхьумэ псоми щызэфІагъэкІыр нэгъуэщІ къэралхэм щалэжь зи бжьыгъэкІэ куэдкІэ нэхъ мащІэ щІыхухэм. Абы кьыхэкІыу сэ щхьэусыгъэ зыгъэмкІэ, я Іуэхущафэхэм я фІэгъыр кьаІэтэпхъэщ.

«Полицей кьэралгъуэ» жьыхуаІэм кьажьыр спецгъэхущапІэ хэр хабзэм темытыщэу, щхьэзыфІэфІу, политикІэ Іуэхухэмэ хэІэбэ у зэрыщытырщ. Ди деж зэкІэ, кьызэрыфІэщыжьмкІэ, апхуэдэ кьару Іуэбыдыпэшэхэр щызэуэрэкьым.

Сэ щколитІым егъэжьащІуэу сышолажьэ. Зы мазэкІэ сысымэжьати, болыничэр зэрыслухатхэр зы щколым сышыІэущ. СщІакьым щколитІри кьэзгъэльэгъэщэн зэрыхуеяр. Іуэхур згъэзэкІуэжьину си муращу сымажьщым сыкІуати, «Хьунукьым», - жаІэри, сыкьагъэщІэхьащ. Сыт-тІэ иджы сщІэн хуейр?

Надеждэ Викторовнэ.

Нижегородскэ область.

Сымажьщым и лэжьакІуэхэр захуэкьым. Хабзэм ипкъ иткІэ, щІыпІэ зыбжанэм щылажьэ щІыхьэм болыничэу хуэтхьан хуейщ щыІуэ ІэнатІэхэм я бжьыгъэм хуэдизэ. ЩэрыщІэу сымаджьщым укІуэ, е Іуэрэ-Іуэрэ болыничэм кьеІыпхьи хуейщ, Уэзынщагъэр хьуэмэнымрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэм 2007 гъэм щІыщыІэм и 11-м игъэхьэзыра письмор (№80-ВС-р) щІэгъэкъуэн кьэпщІу.

Совет властым и зэманым, бжьыгъэ гуэрхэм тещІыхьауэ, депутату хахьрт рабочэхэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ, А хабзэм кІэ игъуэта хуэдизр. Ар захуагъэ?

Говоров И., *Екатеринбург.*

«Тру довая Россия» зэшІэхьеенныгъэм и пашэ Анпилов Виктор кьыззэрилытэмкІэ, нобэрей властыр зыІэщІэлъхэм фІыуэ ятьагъуркъым цІыху кьыззэрыгъэкІэр. «Политикэ» фондым и президент Никонов Вячеслав Іуэхум зэрепльыр мыпхуэдэущ: депутатым кьуэхьщІэнгъэ куу иІэн хуейщ. Дунейм и кьэрал псоми я парламентэм т епщІэгъу эр щызыІыгъыр юристхэрщ, политикэ лэжьакІуэхэрщ, цІыкьубэм гъуавэ я жьэ кьэрщ. Депутатэм Іэщыхь уэ е жэкъуэмэщыщІэ зэрахэмытым кьикІыркъым цІыху кьызэрыгуэкІхэм я сэбэп зыхэлъхэр зыими кьыфІэмыІэ хуу. ЦІых убэм сыт и лъэныкъуэкІи сэбэп яку зкъуну я фарэщ политикэ партхэмрэ профсоюзхэмрэ я лІыкІуэ депутатхэр.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд», «Труд-7», «Комсомольская правда» газетхэм кьытхыжащ.

*УФ-м и БжакІуэ палатэм щІидзащ музейхэм я ІуэхущІафэхэр зыхуэдэр кьыпщыгъэу. Ныкъусаныгъэ куэд дыдэу кьыщІигъэгащ музейхэм щыІэ зым. КуэдкІэ зыхуэІэм. Абы и налог дэф тэрхэм «Іэкіуэдауэ» кьыщІэкІащ... сом мелуан щ ныкъуэ. Абыи удэкІуэтэнт. Беджьылы кьызэращІамкІэ, мы музейм и щІантІэхэм, пэш щхьэхуэхэм зэман-зэманкІэ щекІуэкІырт ефэ-ешхэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэ зэхуэсхэм кьыхэкІ ахьшэр здэкІуэр музейм и кассэрэтэхьм, мы Іуэхущ Іапі эм и унафэщІэм я жьыгъэт. А псом ищыІужьи, лъэужьыкІыу бзэхьрт музейм щІэть сурэтхэр, зыхуэдэ щымыІэ хьэпшыпІ гъапІейхэр.**

АтІэ, сыт хуэдэ щыкІэкІэ хъуна хъуну ди къэралым и музейхэм я фондхэр? А Іуэхуэгъуэхэм нэгъуэщІхэми теухуауэ сопсэльыпІэ Петропавловскэ быдапІэм и музейм и хъуманІуэ нэхъыщхьэ Малковэ Надеждэ.

- **Эрмитажри Кусковэрэ кьаІигъэ нихэм хэхуащ, дыгъуэгъуакІуэхэм я зэранкІэ. Апхуэдэ мыгъуагъэр фэрн кьыфІъэІэсэ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кьытпльэІэсащ. Нэхьапэ хэм си кьуныкъуи пэрытам и зэран хэпъу ди музейм 1999 гъэм щІадыгъкІат пасэрей Іэщіу, ахъшэ жьгъейуэ зыкъом. Нобэр кьыздэсым я зэщыныгъэшхэр тхуэзгъэпэщыжьыркъым.

- **Іэщіагъэдіхэм зэрыжаІэмкІэ, музейхэм щІэть экспонатхэр щІадыгъуфыр дахэ-дахэу а хъугъуэфІыгъуэ нихэр зэрыщІамыщыщытыкІырщ, «сверк»-жьыхуаІэр зэрамыщІырщ. Ар пэж?**

- Куэдым ящІэркъым апхуэдэ Іэжьыгъэр дэтхэнэ музейми зэрыщыщэтымыыр. Мыхъур а кьэпщытэныгъэхэр ІэхъуэтегъэкІыщ, «зымыщхьжьыним и мэкъумэш щыкІэ»-жьыхуаІэм хуэдэу зэрыщІэлъ кІуэ. Ауэ, дэтэрэхэм (атхэм) кьыщагъэльагъуэр мащІэ дыдэщ. Псалъэм папщІэ, абыхэм иратхэр хьэпшыпхэм я щІэкуэдрщ: шкаф, шэнт, гъуджэ... Сыт хуэдэ ахэр? Сыт хуэдэ зэманым ящІа? ЗыщащІари дэнэ? Апхуэдэ упщІэ куэдым я жэуапхэр мыбедджьилыу я кьоно. Абы кьыхэкІыу, хьэпшыпхэр щыІэзэкІэзэрыхь, нэхъыфІэхэр щІадыгъу кьоху.

- **Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэмкІэ хэт жэуапагъуэр?**

- Музейм и унафэщІымрэ хъуманІуэ нэхъыщхьэмрэщ. Адрей лэжьакІуэхэм, зэрыхабзэщи, тезыр гуэри ятьэІэсыркъым.

- **Сыт хъумакІуэ нэхъыщхьэм нэхъыбзэу и лэжьыр?**

- Абы хужьпІэ хъунущ мебеджер, управляющэ, нэрылъагъуэу Іужу хьэлъэ Іэджэ зэфІэзэыгъэкІыф гъэкьакІуэ. Ар, дзыгъуэ цІыкІум хуэдэу, экспонат гъэтІылъыгъэхэм зэпымыууэ щІыпІэщащэу кьэпфІэщІыныи сыхуейкьым. ХъумакІуэ нэхъыщхьэм и закъэущ музейм и унафэщІым енькьэжьыфІкІыр, абы щыуагъэ гуэр Іэщіакіамэ. Дэ зэман куэдкІэ дыпсэуащ зы унагъуэшхуэм хуэдэу, псори дызэрыбІугъуы, дзыхь зэхуэтщІу. ЕмыкІу кьыхуумыщІ, «дзыхь зэхуэ щІын» псалъэхэр музейм и лэжьакІуэхэм зыщагъэгъупщапхъэщ. Арыншамэ, Эрмитажым кьыщыхъуам (хьэпшыпт тельыджэ куэд зэрыщадыгъуам) ди дзыщІууэнкІэ зыхуэІуа щІэкъым. Убэлэрыгъ хъунукьым. Ар нэхъыбІкІи, нужькІэ ущІегъуэж нэхъри.

- **ХъумакІуэхэм ящыщ гуэр и лэжьапІэм Іукьымжьи хуей щыхьукІэ, занщІэу хуит фщІыр?**

- Ар Іуэху гъуэщ. ТхьэмахуитІкІэ щІэтпщытыкІынкІи хуейщ хъумакІуэр зыпэрыта Іэнатіэр (а зэманыр тхуэкъуркъым). Комиссэ кьыззэдогъэпэщ, абы зэпхэщ гугъу дыдэ ехьу толажьэ экспонатхэр щІэпщытыкІынымк, ІукІыжьмрэ щІэуэ кьэувырэ я Іуэхуэгъэ тэмэму зэІэпахьыным.

- **Петергоф музейм и лэжьакІуэм жиІэу зэхэсхащ мыпхуэдэу: «Самсон и сурэтыр хуэмэныр си пщэрылъщи, жэщхэми сыкъыбгъэдэкІыркъым». Петропавловскэ музейм щІэтщ Петр и статуер, Шемякин Михаил ищІар. Ар хэт зыхуэхъумэр?**

- Сурэтхэр щІыхуэм яІэщІэжьагъуэ кьыхсфІощІ. Музейм кьыщІыхьэр нэхъ зыгуэр кьуэр хьэпшып гъэзэджэхэр езым и нэкІэ зригъэпъагъунырщ. Хуейм, Интернетми, компакт-дискхэми кьыщигъэтыфынущ ди экспонатхэр.

- **Музейхэр сату Іуэхуэхэми кьыхъэ хъуащ. Язынькъуэхэм тхыдэ пэшхэр банкет щащІыну я т. А жэрдэмщ «зэмыцысигъуэджэмэ», фи музей пэшхэри, шэч хэмылъу, куэдым зыІэщІагъыбдзэт. Фэ фиІэщ паштыхьхэм, пІалъэкІэ щыІа правительствэм хэтахэм, щІыкІэ щІэрыІуэ куэдым я сурэтхэр.**

- Хэхъуэ уиІэнкІэ хъарзынэщ. Ауэ щІэнгъабзэ, гъуэзджэ Іуэ хущІапІэхэр, кьыззрыс-фІэщІымкІэ, сакъыу ящытхъумэн хуейщ нэмысыншагъэр щытепщэ дауэдапщэхэм. Пэжщ, кьытщІэупщІэхэри кьыдэхъІуэхри мащІэхэм, ауэ «хьунукъым-яжьдоІэри, ахэр зыщхьэщыдогъэкІ.

- **Ауэ, сэ зэрысщІэмкІэ, кьухьэпІэ кьэралхэм я музейхэм жьыджэру кьагъэсэбэп зи гугъу сщІа хэкІыпІэр...**

- Абыхэм ди Іуэху яхэтхьким. Дэ тКІийуэ дытетщІ кьэрал хабзэм. Абы кьыззэрігъэувымкІэ, музей дэтхэнэ зэлъэкьын хуейр мы Іуэхугъэпщ: экспонатхэр зэхуэхъэсыныгъэ, хъуэпынырц, джьынырц, хэІущІыу щІынырц. А кьаІэнхэр бгъэщІэуэрэ, бгъэ хьэзыр хъунущ открытткэхэр, фильмхэр, дискхэр, темэ зэмылІэужьыгъуэ хэ ткуха тхыгъэ хэр.

ЗэрыжаІаІащи, лэжьыну хуейм кьелъыкІуэу Іэмалэр, зэхуэмейм - щхьэусыгъуэ хэр. Дэ кьыхьідох Іэмалхэр.

Елсэлъар

НОВОСЕЛОВЭ Еленэщ.

«Российская газета».

● Зэманыщ Іэ - къалэныщ Іэ

Музейхэм я "тІасхъапІэр"

● Гъуэздж э

Накьыгъэ мазэм Канн къалэм щекІуэкІа екьыщІанэ дунейпсо фестивалым хэтакъым мыпхуэдэ еплъыныгъэхэм пашэныгъэр кьыщыдзыхьуэрэ къэзгъуэгурыкІуа къэралгъуэхэм (Италием, Индиелыдым, Испанием) я лІыкІуэхэр. Ауэ илъэсиплІкІэ къэта нэужь, мы дауэдапщэм кьыхьыжащ урысей кинор, гулъытэнщэуи къанэкъым. Цыхухъу ролыр нэхъыфІ дыдэу игъэзэщІауэ жюрим кьилъытащ Лавроненкэ Константин, режиссер Іэзэ Звягинцев Андрей триха фильмым («Изгнание» ти фІэщыгъэм) къарзынэу щыджэгуам.

● Ізэрэ ныкъуэрэ зэрыщІэркъым

Мылькум къигъэпщу дунейм тепщэ щыхъуэхэр

Урысей олигарххэм зэрызытрагъэур

Фридман Михаил (доллар мелард 13,5 зыбгъэдэтым), «Альфэ гупхэм» я унафэщІым, куэдыр «кьыззрыгуэкІ щІалэкІэ» йодж. Абы фІэфІщ автомашинэкІэ кьижьхьыну, ресторанхэм ахъшэр «щирикъуэхыну», самурай джатэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэхуэхьсащ.

Тарин Рустам (и ныкъуэ доллар мелярди 5,5 мэхъу) ахъшэ хъумапІэ пльэщ иІэщ, автомашинэ пльапІейхэр («Майбах», «Мерседес» хуэдэхэр), ерэ минищ ІэкІэ зи уасэхэр, щІэх-щІэхьыгъэ зэрелъхъэкІ, кьхъуэ (яхтэ) псынщІэрыкІуэхэр Щ1ыкурыты-хьмм кьыщІохуэкІ, Нью-Йорк и Іэгъуэблагъэхэм, («Щхьэхуитныныгъэ» фэеплъым пэгъунэгъуэ) ефэ-ешхэ абрагъуэхэр щызэхещэ.

Дерипаска Олег (доллар мелярд 16,8 бгъэдэлъщ) «Урыс алюминий» концерным и ІэтащІэкІэ. Иущ кхъухь-пльатэ, кхъуэхь, тхыпГэкІэ-пІи. Сардиние хьтІыгум унэ хъарзынэ кьыщІэхуащ. Театрым (балетэм) кІуэныр и «ПІасхъапІэщ».

Авен Петр (доллар мелардиплІым нэблагъэ иІэщ) «Альфэ-банкым» и унафэщІщ. Инджьлызым (Сюррей графствэм) унэ абрагъуэ щрИгъэщІащ, доллар мелуанищ зыбжанэ и уасэу. Абы и лІабжьым щІигъэщІыхьащ зыхуэдэ цымыІэ бгъэжьщІагъ (бункер), ерэ зы зэмылІэужьыгъуэхэр, зы мазэкІэ и унагъуэр зрикъунур, адэмыдэкІэ щІэкудауэ, зыхъуэмэкъыншхэм хуэщІа ІэмэпсымэхэмкІэ пІэпсауэ.

Мельниченкэ Андрей (доллар мелардитхум нэблагъэ Іэщ1эмтъ), мы1ткъ зэмылІэужьыгъуэхэр зригъэщІэкІыуэрэ, кьулей хъури, «Евроихм» (щыІэпшэр зыгъэхъэзыр), «СУЭК» (фІамышщ кьыщІэзыхъ) холдингхэр зэрригъэпэщащ. Фыз кьыщІшэм, члисэхэм ящІщ зыр зэпкърригъэхщ, хьэрэуэлІыгъуэр щекІуэкІыныи и деж кьриГъэщІ-щІэзыхъ) холдингхэр зэрригъэпэщащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, члисэр езым и деж «кьригъэблагъащ».

Якобашвили Давид (доллар мелуан 450-рэ Іэщ1эмтъщ) «Вимм-Биль-Данн» холдинким и Іэтащхьэщ. Нэхъ дзыхьэхэр пасэрей хьэпшыпхэр, музыкэ Іэмэпсымэхэр (шарманкэ, пианинэ, граммофон, орган, клавесин хуэдэхэр) зэхуэхьэсырщ. Езым и мэзи Москва къыщызэригъэпэщщыну и мурадщ.

Абрамович Роман(доллар мелард 19,2 Іэщ1эмтъщ), Чукоткэ щІынатъэм и губернаторщ. Европэм уардэуэнэу зыІэкІ щІэзыхъ) холдингхэр зэрригъэпэщащ. Фыз кьыщІшэм, члисэхэм ящІщ зыр зэпкърригъэхщ, хьэрэуэлІыгъуэр щекІуэкІыныи и деж кьриГъэщІщІэзыхъ) холдингхэр зэрригъэпэщащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, члисэр езым и деж «кьригъэблагъащ».

Абрамович Давид (доллар мелуан 450-рэ Іэщ1эмтъщ) «Вимм-Биль-Данн» холдинким и Іэтащхьэщ. Нэхъ дзыхьэхэр пасэрей хьэпшыпхэр, музыкэ Іэмэпсымэхэр (шарманкэ, пианинэ, граммофон, орган, клавесин хуэдэхэр) зэхуэхьэсырщ. Езым и мэзи Москва къыщызэригъэпэщщыну и мурадщ.

ГРИДНЕВЭ Натальэ, НИКОЛАЕВЭ Евгениэ.

«Известия».

● Щэхур нахуэ кьохуэ

Сыт ПРО-р зищІысыр?

Ракетэхэм защыкъуэмыкІэ американ системэ

ПРО жьыуэІэр Пользшэмрэ Чехиемрэ я щІынальэхэм щигъэувыну США-р зэрыхуІэкъуэм мы зэманым куэдыр тогуэзэныкъ.

Мы Іуэхум топсэльыхь зауэ хуэІуэхущІэхэмкІэ щІэныгъэлізхэр, Іэщіагъэлізхэр.

ВОЛЖЕНСКИЙ Михаил, *яп рданым и капитан.*

- «Зыхъумэжьныгъэ» жаІэ щхьэкІэ, американхэр нэхъ зэгупсысыр нэгъуэщІщ - зауэ Іэхуэхэм захуэгъэпсынымкІэ дуней псом бжьыпэр зэрыщІэлъ дыныщ. Куэд щІауэ хущІокъу США-р апхуэдэ тепщэныгъэм. Абы кьыхэкІыу, ди кьэралри бэлэрыгъыркъым. ПльэныкъуитІми ерыщу Іэщэ щымыгъуэхэр ягъэхьэщІ, я ракетэхэр нэхъри пхъащІ, жьыжьрилъатэ, кьеудыкьыгъуей ящІ.

Псом хуэмыдэу Іэщэ щынагъуэщ «дамэ зытет ракетэ» жьыхуаІэхэр. Ахэр американхэм хуагъэхьэзыр Урысейм и баллистическэ ракетэ утІыпщыпІэхэр зэрызэтрагъэныным. Гугъущ уи нэгу кьыщІэбгъэхэну апхуэдэ зауэм кьриКІуэнухэр. Американхэм я япэрей удынхэм урысей ракетэхэм я Іыхьэ пщІанэр (щитІым щІигъу) кьеІпмэ, ахэр Америкэм нэпльэтысмэ, а къэралми кьыхэнэнулакъым. Ар къэмыхъун щхьэкІэ, ягъэхьэзырыну я мурадщ ПРО системэр. ЗэрапІэуэтэмкІэ, ар щІащІыр террористхэм зыщІахъумэн щхьэкІэщ. Ауэ зауэ хуэІуэхущІэхэмкІэ Іэщіагъэлізхэм кьагуроІуэ апхуэдэ Іэщэр Урысейм и дежкІэ зэрышынагъуэр, абы кьыхэкІыу, ди къэралым зыхъумэжьныгъэм и ІэмалыщІэхэр кьимыгупсысу, кьимыгъэсбэлу зэрымыхьэр.

КОЗЮЛИН Вадим, *зауэ хуэІуэхущІэ щІэныгъэхэмкІэ профессор, академик:*

- Американхэм я «дамэ зытет ракетэхэр» кьыщагъэсэбэпащ Афганистаним, Югославиеми, Ираки. Апхуэдэ Іэщэм зэрызыщІыхъумэфын Іэмалхэр зэхалъхьэ ди къэралым и Іэщіагъэлізхэми. Мы Іэщэм кьриубыдзу ягъэхьэзыращ «Тополь» межконтинентальнэ баллистическэ ракетэ 17, псыщІагъэкІуэ кхъухь зыбжанэ, зенит-ракетэ системэ «С-400» жьыхуаІэхэр.

Дэ, дауи, дыхуэхьэзырын хуейщ зауэщІэр американхэм кьатъхьэмкІэ зэрыхъунум. Ауэ хэтн кьыгурыІапхъэщ апхуэдэ зауэм американхэм текІуэныгъэр кьызэрыщымыкІыр. Я ракетэхэр кьыдагъэтщими, щІыпІэрызэкІуэ дзэхэр хэмыту кьэралыр яубыды фынукъым. Ираким белджылы кьыщыхъащ США-м и апхуэдэ дзэхэм зэфІэкІ щІагъуэ зэрамыІэр. ЗэрыгурыІуэгъуэщ США-м хуІъэкІынукъым ди ракетэ-ядер Іэщэ псори напІэзыпІэм зэтриКъэтэнщ. Щ1ыкІуэзэфІэмыкІынымк и щхьэзусГъуэхэм ящыщІ, псалъэм папщІэ, и зауэ-тенджьэ къаруухэр нэ рымылъагъуу ди къэрал гъунапкъэхэм гъунэгъуэ кьызэрыбгъэдимышъэфынур.

СКВОРЦОВ Александр, *Генштабым и унафэщІым и кьуэдзэ, генерал-полковник:*

- Зауэ хуэІуэхущІэхэмкІэ зи кьаруухэр зэхуэдэ гъэныкъуитІым яІэхэзыр (США-р) хущІокъу тепщэгъэуэр иубыдыну, ПРО системэр ди гъунэгъу къэралхэм я щІынальэхэм щигъэувыну. Абы фІы кьрикІуэнухэм, ди къэралхэм я зэхущІыкІыкІэхэр зэІифІэхьэнущ. Урысейм Европэм и къэрал бзыбжанэмрэ зэхуэІэ политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр кьэтІэсхъэнущ.

Иджыблагъэ Астрахань и Іэуэлъблагъэм щагъэунэхуащ «Искандер» зыфІаІуэ комплексыр. УФ-м и япэ вице-премьер Иванов Сергей кьызэриптьэтэмкІэ, гъэунэгъныгъэхэр зэпэщу екІуэкІащ. Ахэр кьэплъыІэ хъунущ США-м Европэм щызэригъэпэщщ зауэ Іэмалхэм яхуэфащэ жэуапу .

ЛИТОВКИН Дмитрий, *«Известия».*

● Щ1ыпІэ щыІэныгъэ

Ищэ щІынальэм щыхъыбархэр

● КІэщІ дыдэу

♦Дон Іуфэ Іус Ростов «лажьэу» щыщІидзащ «къалэ шыпащъуэщІ» зи фІэщыгъэ Іэ программэм. Абы ипкъ иткІэ, мы кьалэм щагъуэ видеокамерэ 128-рэ, «милиц»-гражданин» кнопкэуи зыкъом, «Австотраж», «Оксиом» , нэгъуэщІ системэхэр. А псори сэбэп хъунущ хабзэхъумэхэм я зэфІэкІыр егъэфІэкІуэнымкІэ, кьалэм щІэпхьаджагъэхэр щІэзылъэжьэр сэтей къэщІэнымкІэ.

♦ПсапашІэ Іуэхухэм жьыдэрэ зэрыхэтым кьыхэкІыу, урысейпсо саугъэтхэр хуагъэщащ Ставрополь крайм и щІыхуэ щІэрыІуэ зыкъомыр. Абыхэм яхэтщ губернатор Черноговэ Александр, Ставрополэ Владикавказэ я епископ Феофан, федеральнэ инспектор изхьащІ зэрыжэрдэмыншэр, нэфІней зэрыгъэрихьэр, абы и зэранкІэ щыІэ щІалэм и экономикэр зэрехуэкІыр, щІэпхьаджащІэхэр куэд зэрыщІыхьэр, лъэпкъ зэхуэщІыныкІэхэри зэрекІакІуэр.

♦«Дыщэ зауэлІ» зыфІаща кІофеотивным, Нартсанэ щекІуэкІат, саугъэт нэхъыфІхэр кьыщІыгъагъасащ «Хы-тІыгу» фильмым, режиссер Лунгин Павел трихам, «Си къуэщхэм я къуэхэр» (режиссерыр Сербиеем щыщ Ковачевич Синишщ), «Синобиг» (режиссерыр Японием щыпсэу Симомэ Тенщ), «ЛъышІэж» (Монобай Дамир, Къэзахстан) фильмхэм.

«Северный Кавказ» газетым кьытхыжащ.

Справкэ №75

Гитлеррэ адрей фашист унафэщІхэмрэ я щхьэхъумэ командэхэм я унафэщІ, СС-мрэ полицэмрэ я дзэхэм я группенфюрер (генерал-лейтенант) Ганс Ратенгубер Берлин щаубыдам

КЪРГЪЭІУЭТЭКАХЭР

Ганс Ратенгубер - 1897 гъэм Мюнхен и Іэшэхъащхэм щыщ Оберахен жылагъуэм щыщІадзащ «къалэ шыпащъуэщІ» зи фІэщыгъэІэ программэм. Абы ипкъ иткІэ, мы кьалэм щагъуэм видеокамерэ 128-рэ, «милиц»-гражданин» кнопкэуи зыкъом, «Австотраж», «Оксиом» , нэгъуэщІ системэхэр. А псори сэбэп хъунущ хабзэхъумэхэм я зэфІэкІыр егъэфІэкІуэнымкІэ, кьалэм щІэпхьаджагъэхэр щІэзылъэжьэр сэтей къэщІэнымкІэ.

♦ПсапашІэ Іуэхухэм жьыдэрэ зэрыхэтым кьыхэкІыу, урысейпсо саугъэтхэр хуагъэщащ Ставрополь крайм и щІыхуэ щІэрыІуэ зыкъомыр. Абыхэм яхэтщ губернатор Черноговэ Александр, Ставрополэ Владикавказэ я епископ Феофан, федеральнэ инспектор изхьащІ зэрыжэрдэмыншэр, нэфІней зэрыгъэрихьэр, абы и зэранкІэ щыІэ щІалэм и экономикэр зэрехуэкІыр, щІэпхьаджащІэхэр куэд зэрыщІыхьэр, лъэпкъ зэхуэщІыныкІэхэри зэрекІакІуэр.

♦«Дыщэ зауэлІ» зыфІаща кІофеотивным, Нартсанэ щекІуэкІат, саугъэт нэхъыфІхэр кьыщІыгъагъасащ «Хы-тІыгу» фильмым, режиссер Лунгин Павел трихам, «Си къуэщхэм я къуэхэр» (режиссерыр Сербиеем щыщ Ковачевич Синишщ), «Синобиг» (режиссерыр Японием щыпсэу Симомэ Тенщ), «ЛъышІэж» (Монобай Дамир, Къэзахстан) фильмхэм.

«Северный Кавказ» газетым кьытхыжащ.

Гитлеррэ и бейгуэлхэмрэ я иужьрей махуэхэр

● Хэку зауэшхуэм и дэфтэрхэр

Накьыгъэм и 1-м пщыхьэщхьэр сыхьэхи 8-рэ дакьикъэ 30-м Гебельс сэлам кьызихьажащ, зыщІыпІи зэремыжьэжьнырк кьызжиІащ. А пщыхьэщхьэм генерал Бурхард жиІат Геббельсрэ я фызымрэ зэрызаукьыжащ.

Силезие Ищхьэм нэмыцІэдзэхэр щІэзэтракъутэ ящыхь, генштабым (щІыпІэрыкІуэдзэхэм яІм) и тхьэмадэ Гудриан сэлам кьэпсэ хьэпІэ кьэхуащ (щІэпщхьу ин кьащІыщІар и гум екъэлІащэри) икІи Бад-Эбенхаузен (Баварием) Іэпхъуэжащ.

Ёзы Гитлер дыдэ и адъютант нэхъыщхьэ СС-м и обергруппенфюрер Штауб мы гъэм мэлылъфыгъэм и 20-м Мюнхен кІуаэу щытащ кьалэн щхьэхуэ и пщІэм дэтІу. Щэч зэрысщІымкІэ, абы иГъэсыжьин хуейт Гитлер и дэфтэр щхуу зыкьом. Гестапом и 4-нэ отделым (контрразведкэм) и унафэщІ группенфюрер Мюллер накьыгъэм и 1-м ди деж щыІауэ щытащ икІи зэрызиукІыжьнур жиІат.

Гестапом и Іэнатіэм (разведкэм) и унафэщІ Шелленберг нужь дыдэу Берлин щысІагъуэжар мэлылжьыхь мазэм и пэщІэдзэщ...

Елсэлъахэр езанэ Белорус фронтым и штабым и разведотделым и следственнэ кьудамэм и унафэщІ подполковник Савицкий, капитан Суркис сымэщ.

Тхыгъэр зыгъэхъэзырар **ІЫГЪУР Чэрмщ.**

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Зэлжьар сфIэмащIэщ

Журналист, усакIуэ Адыгэ Мухьэмэд и ныбжьыр ныбэ ильэс БЩ ирокIу

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и радиом и адыгэ кIуданэм и унафэщI, журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ, усакIуэ Адэмыр Мухьэмэд ныбэ гетыхьапIэ кIыщIадзыжа махуэр. Ди республикэм къэкIуауэ зыхуэдгъазэри, Мухьэмэд упщIэ зыбжанэ еттащ.

- Мухьэмэд, журналистыкэм, тхэным гу щыхуэпащIам сыт хуэдэ ныбжьым унта?

- Абы щыгъуэм илъэсищI сыхъуу арат. Ди гъунэгъум я жэмым шкIинтI зэуэ кIыпIхуати, ар гъэщIэгъуэн сшIыхъри, адыгэ газетым есташ. Стхар тредзащ. Абы и ужькIэ зыкъом дэкIауэ, си ныбжьыгъэ Пхъэщ МуIэед кIыхькIэ: «Дегъаун урысыбзэкIэ кIыдзкI газетым зэгъуэсэу зыгуэр дыгъэтх». Урысыбзи дахэ-дахэу тщIэрэт?! Сытми, щыщхэм ятеухуауэ зыгуэр доущIырхь. А ттхар зэрагъэзэхуэжу щытрадзам, зэныбжьыгъуитIым къздгуфIам щIэн гъуни иIэкъым. Абы щыгъэщ тхэн Iэхуэм нэхьри сытезыгъэгушхуар. Сабий усэ щIыкIинтI стхар игу ирихьри, кIыхьщIтъуат. Абы щыгъэ къыжиIауэ щытар нобэми си гум иухркъым: «Iэпкъ-лъэпкъ узыр хущхъуэкIэ бгъэхъуж мэхъу, ауэ тхэн узыр зэи хъужыкIыным. Мы Iуэхум зыщептакIэ, зэи уи щIхьэр пIэщхьагъэм нумыгъэх усэ сатыр 20 хуэдизу умытхаях». Апхуэдэу си гум кIынащ зы пщэдджыжь гъэрым Щуцэ унэм къэпсэльауэ зэрыщIытар. Абы щыгъэ армэри къэзухауэ егъэджакIуэу сылажьэрт. «Уэ ущIалэфI си гуГатIи, - жи. «Къэхъуэрэ сыт?» - соупщI и жагъэ щысщIар къыхсужмыщIэжу. «Ныжэбэ жэщым сыбгъэжеякIым уи тхылым седжэурэ». Щуцэ зи гугъу ищIыр Совет Союзым и Лыхъужь Хьабэч Умар теухуауэ стха «Хахъытыншэм и гъуэгу» повестыр. КъызэрыщIэкIамкIэ, зауэм и пэкIэ а тIуи педучилищэм щыхэдджат...

- Адыгэ зауэдI лыхъужьым теухуам нэмыщI тхыдэ дапщэ кIыдзбгъэкIа, Мухьэмэд?

- Си жагъуэ зэрыхъунщи, тIу кьудейщ. Ауэ Iэрыгъ хъэзыру иджыпсту тхыльитIу хъун сиIэщ. Къыдэ кьудзбгъэкIынщ нобэ гугъу зэрыхъуар уэри пщIэуэ къыщIэкIынщ.

- Сэ сызэрыщыгъуэзэмкIэ, уэ ди республикэм щIэх-щIэкъуэ укъокIуэ.

- Къэбэрдейри, Шэрджэсым ешхьу, си хэкуэ. Мы щIыпIэм ныбжьагъу, щыхуэгъэ куэду щызиIэщ. Си усэхэр «Адыгэ псалъэмэ», «Iуащхьэмахуэ» журналми традзэ. КъимыдэкIэ, си псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр радиокIэ къат. Мис, иджыблагъэ Молэ Владимир сэрэ уэрэдитI зэдэттхащ.

- Уэ, щэч хэмылъу, укIэльопIэ ди литературэм и зыужьыныгъэм, ди тхакIуэхэм я зэфIэкIыр зыщынэсыр уощI.

- Пэжщ. Лъэпкъым ди мащIэжым зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Абыхэм я цIэ къысIуэ щIэзгъэзмэ, кIыхь хъунщ, ауэ кIыхэмыгъэщIын сльэкIынукъым Мы Iуэхум зыщептакIэ, зэи уи щIхьэр пIэщхьагъэм нумыгъэх усэ сатыр 20 хуэдизу умытхаях».

Апхуэдэу си гум кIынащ зы пщэдджыжь гъэрым Щуцэ унэм къэпсэльауэ зэрыщIытар. Абы щыгъэ армэри къэзухауэ егъэджакIуэу сылажьэрт. «Уэ ущIалэфI си гуГатIи, - жи. «Къэхъуэрэ сыт?» - соупщI и жагъуэ щысщIар къыхсужмыщIэжу. «Ныжэбэ жэщым сыбгъэжеякIым уи тхылым седжэурэ». Щуцэ зи гугъу ищIыр Совет Союзым и Лыхъужь Хьабэч Умар теухуауэ стха «Хахъытыншэм и гъуэгу» повестыр. КъызэрыщIэкIамкIэ, зауэм и пэкIэ а тIуи педучилищэм щыхэдджат...

**- Адыгэ зауэдI лыхъужьым теухуам нэмыщI Мейкьуапэ кьыщыдэкIащ еджагъэшхуэхэу Щоджэн Iэсхьэд, Хариэтонов Евгений, Галкин Георгий сымэ зэгъэ усэу ягъэжьэзыра, «Вождь» зыфIаща тхылъыр. Тхылъыр зыте уж ар Сталин Иосиф Виссарион и къуэм и гъащIэщ, и лэжьыгъэшхуэхэщ. Шэч хэмылъ у, ди къэралым и тхыдэм и пэжыпIэр къэзыгъэлъагъэ, щIэныгъэлI куэдым я лэжьыгъэхэр щIэгъэкъуэн зыхуэхьуа мы тхылъыщхуэр дунейм кьыхэрытехьар гуапэ ящыхьыщ Урысейм иц нэхьыжьыIуэ хэм, зи Хэкур фIыуэ зыльагъ уэхэм, Iэщэ яIыгъыу зи адэжь дьаэр фашист Германием щызыхуэмахэм, «Хэкум папщIэ!» Сталиным папщIэ!» - жаIэурэ, бий бэджэм ебгъэрыкIуэу щытхэр.

«Сталиным папщIэ!» - кьыхуеджэныгъэм кьыхэщIэтэрт заводхэм, фабрикхэм я рабочхэхэр, колхозхэм, совхозхэм щылажьэхэр, щIэныгъэлIхэр, литературэм, щIэнхабзэм, гъуэзджэм я лIыкIуэхэр. Iуэтэгъуейщ Сталиным и лъэхъэнэм ди щIыналъэм щекIуэкIа ухуэныгъэ инхэр, лэжьыгъэ коллективхэм яхэлъа жьыджэрагъыр, псэмыбгъэжагъыр. Дигу къэдгъэкIыжьыпхъэщ Инджыкьлызым и премьер-министр Чериль У. эгъэгъэм мыпхуэдэу зэрыжиIэгъар: «Сталиным къыIэрыхьар пхъэ пхъэIэщ фIэкIа зимыIэ Урысейрт, кьызэринэкIар атом Iэщэкъэ зэщIэуэздэ къэралыгъуэшхуэщ».

Iугъуц дыдэ тепсэльыхь тхылъым кьиIуэтэ Iуэхугъуэхэр кьыIэщIэзыубыдэ тхыгъэ бгъэхьэзырыну - апхуэдэ кьадэни зыхуэдгъэувыжьыркъым. Си мурадыр си гум нэхь «кIыфIэна» пычыгъэ щхьэхуэхэм щIэджыкIакIуэхэр фыщызгъэгъуэзэнырщ.

Псалъэм папщIэ, нобэрей тхыдэтхъэм ящыщ куэдым жаIэ Сталинрэ и хьэ л-щэнкIэ икьуакIэ «къуабэбжьабэу», зэтемыту, мыхьэмыщIэу щытауэ. Зи гугъу тщIы тхылъым нэхь зыгъригъэчыныхьыр нэгъуэщIщ: Сталинрэ и кьалэнхэм хуэпэжт, ар псэемыблэжу хущIэкъуащ Совет Союзыр лъэщ зэрихьуным, лъэпкъ псори зэгуфIыуэ зэрыщэздепсэуным. Лъэпкъ псоми яжигъэфIыкIырт урысхэр. Абы хужаIэрт мыпхуэдэу: «Урысу щыIэм я нэхъурыс дыдэщ».

Тхылъым дыщегъэгъуазэ Сталиным и сабиигъэр, и щалэгъуэр зыхуэдам. Ар фIы дыдэу щеджащ Гори кьалэм дэтэдин училищэм, Тифлис щыIа семинарием. Тхылъ куэд щIиджыкIырт, усэ итхырт. И ныбжьыр илъэс 16 фIэкIа мыхъуауэ, и усэхэр кьытехуэу хуежьащ «Иверие» литературэ газетым, куржы литературэм и классик Чавчавадзе Илья зи унафэщIу щытам.

Пасэ дыдэу Сталинрэ хохьэ революцэ лэжьыгъэм. И ныбжьыр илъэс 23 ирикъуа нэужь, ар зэхэзехуэн щIадзащ. Блэнейпрэ ирадзащ тутнакъэщым, Сыбыр Жыжьэмэ яхуащ. Ауэ и Iуэху ешIыкIэм зихъуэжакъым, революцэ бэнэныгъэри щигъэтакъым.

«Вождь» тхылъыр зи Iэужьхэм зэхуэхьэса дэфтэрхэм кьазэрыхэзыщIкIэ, Сталиныр цIыху зэтетт, кьызэрыгуэкI дыдэу зиужапрэ кьэралгъэсагъэт. Хэку кьуейгъэхуэ, фIэщыгъэ лъапIэхэр кьыфIэIуэхэтхъым. Ар цIыху щэджащэу, хьэт-щэн ткIий зыхьэлъу, зи кьуэхьыр инту кьэзыльытэу щытахэм я ящыщIу кьэралгъэ унафэщI щэрыIуэхэу Рузвельт, Черчиль, Де Голь, тхакIуэшхуэхэу Барбюс, Ролан, Уэллс, Фейхтвангер, дзэзешэ Iэзэхэу Жуков, Василевский, Рокоссовский, Конев, и лэжьэгъуэу щытахэу Молотов, Ворошилов, Каганович, Калинин, Громыкэ, урысей тхакIуэхэу-усакIуэхэу Горький, Фадеев, Шолохов, Симонов К., Михалков С., нэгъуэщIхэри.

Сталиным и жэрдэмышхуэ хэльу екIуэкIащ индустриализацэр, коллективизацэр, щэнхабзэр революцэр, «Сталинскэ ильэситIу» жьыуэIэу щытахэм я фIыщIэкIэ ди къэралым ину зиужьащ, цIыхухэм я псэ укIэр ефIэкIуат.

Куэдым зэращIэщи, фашист Германием и дзэхэр СССР-м кьытеуауэ щытащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м. Ялыныкьуэ политикэ лэжьакIуэхэм Сталиныр ягъэкьэнIэщ, зауэр кьухьеину имыгугъауэ, абы къэралым и дзэхэр дахэ-дахэу хуимыгъэхьэзырауэ жаIэурэ. Апхуэдэ псалъэмакъэр тхыдэм и пэжыпIэм пэIэщIэщ. Абы щыхьэт тохьуэ дзэзешэ цIэрыIуэхэр, хамэ къэрал куэбэныным хущIэкъуэ Iуэхуфи Iэджэ зэрилэжьам. Къэбэгъэльэгъуэмэ, зауэм нэхьыфIу ди дзэхэр хуэгъэхьэзыра хьун папщIэ, Гитлер ирищылIауэ щытащ зэгурыIуэныгъэ тIу: Молотовымрэ Риббентропрэ я пактымрэ къэралитIым (СССР-мрэ Германиемрэ) я гъунапкъэхэр зэIубэ щыIым теухуамрэ. А зэгурыIуэныгъэхэм «ялъэгъальэ» - мелуани 100-м нобжыс. Ауэ Корякинрыр абыи кьыщыдзэтеуфIэркъым - щIеIуэм Сталиным цIыху мелуани 120-рэ иригъэкIауэ. Инджылыз тхакIуэ Олдридж Джеймс зэгуэрым жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Мы дунейм зы къэралыгъуэ теткъым Совет Союзым хуэдэу б